Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.





№ 41 (6728) 28 сентябрь 2020 с. Итни Сапар 1442 с. Багьа - эркенаб


БАРКИ

## 27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

**27 сентябрь ккола тарбия кьолезул ва школалъул гІумруялде рахинчІел лъималазул учреждениязул хІалтІухъанасул къо.**

Жидерго махщалилаб байрамалде хІалтІулъ лъикІал хІасилалги росун дандчІвай гьабуна Бакълъулазул районалъул росабалъ ругел ясли-ахазул ва школазда цере рагьарал лъималазул учреждениязул тарбия кьолезги цогидал хІалтІухъабазги.

РакІ-ракІалъ баркула тарбия кьолезда ва школалъул гІумруялде рахинчІел лъималазул учреждениязул хІалтІухъабазда махщалилаб байрам.

Гьарула нужее талихІ, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал, тІурайги рекІел мурадал, кьеги халатаб гІумруги щулияб сахлъиги. Биччанте нужееги, нужеца хъулухъ гьабулел, тарбия кьолел ругел лъималазеги кидаго букІине гвангъараб бакъ ва роцІцІараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

ЖАМАГІАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Транспорталъул налог нухал къачІазе тІадбуссуна

### ХІажимурад МухІамадов: «Налогал ракІбацІцІадго кьей – район цебетІезабиялъе кьучІ»

**Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас 22 сентябралда данделъи тІобитІана киналго налогал ракІари гІуцІа-къан, мунпагІат кьолеб хІалалъ гІумруялде бахъинабиялъул хІакъалъулъ суалалги гьоркьор лъун.**

Данделъиялда гІахьаллъана районалъул бетІерасул кумекчи ГІабдурахІман МухІамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, Россиялъул ФНСалъул районазда гьоркьосеб № 12 налоговияб инспекциялъул кІудияв налоговияв инспектор, территориалияб 0509 участкаялъул нухмалъулесул ишал тІуразарулев Тажудин МухІамадов, Федералияб казначействоялъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул № 19 отделалъул нухмалъулев ХІажимурад МухІамадов, районалъул финансовияб управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухІамад МухІамадханов ва цогидалги.



Районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас баян гьабуна налогал ракІари мунпагІат кьолеб хІалалъ гІуцІани, налогазул хасаб къадар муниципалитеталъе бачІунелъул, гІагараб ракь цебетІезабиялъе квербакъи гьабулин.

«Налогал ракІбацІцІадго кьей район цебетІезабиялъе кьучІ ккола. Районалъул администрациялда цебе гІуцІун буго ведомствабазда гьоркьоб группа. Гьелъ гражданазе кумек гьабула, законалъ тІад лъурал киналго тайпабазул налогал ракІариялъул тІадал ишал тІуразе. Дагъистаналъул бетІер Владимир ГІабдугІалиевич Васильевасул бихьизабиялда рекъон, транспорталъул налогалъул гІарац харж гьабула муниципалитетазул нухазда тІад. Кинаб бугониги даражаялъул бюджеталъул кьучІлъунги ккола налогазул отчислениял. Дагъистаналда хІалтІи гьабулеб буго экономика «рагІдукьа» бачиналъе, гьелъ лъикІал хІасилалги кьолел руго. РакІарарал налогазул хІисабалдасан республикаялда ралел руго цІиял школал, лъималазул ахал, цогидалги социалиял объектал, ремонт гьабулеб буго нухазе, берцин гьарун къачІалел руго жамгІиял бакІал», - ян абуна ХІажимурад МухІамадовас.

Налогал ракІари лъикІ гІуцІизелъун Гумбеталда бугеб комиссия росабалъе уна графикалда рекъон, специалистаз консультативияб кумек гьабула налогал кьезе ккolez кваlkвал гьечІого гьел рецІизелъун.

**«Гумбет» РИО**

ГІЕЛМУ-ХІИКМАТАЛЪУЛ ХІАЛБИХЬАРАЗЕ...

## Дуца гьудуллъун ккве квер гІатІидаб тІехь,
## Кида бокьаниги, дуй пайда кьолеб...

### Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас тІобитІана тІадеги лъайкьеялъул суалалгун данделъи

**22 сентябралда Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас данделъи тІобитІана тІадеги лъайкьеялъул къагІида лъикІлъизабиялда хурхарал суалалги гьоркьор лъун.**

Данделъиялда гІахьаллъана районалъул бетІерасул кумекчи ГІабдурахІман МухІамадов, «Лъайкьей, физическияб культура ва спорт цебетІезабиялъул центр» МКУялъул нухмалъулев ГІали ГІумархІажиев, гьебго учреждениялъул методистал Шамил МухІамадов, МухІамад ГІабдулхІалимов ва цогидалги.



Гьоркьор лъуна тІадеги лъайкьеялъул учреждениязе персонифицированнияб къагІидаялъ гІарац биччаялъул, лицензирование гьабиялъул, «Навигатор дополнительного образования РД» автоматизированнияб информациялъулаб системаялъул порталалда хІалтІиялъул хІакъалъулъ ва цогидалги суалал.

Данделъиялъул ахиралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас муниципалиталда тІадеги лъайкьеялъул хІалтІи цебетІезабиялъе гІоло хІалтІи камилго гІуцІиялде ралагьарал тІадкъаял кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ХІажимурад МухІамадов: «Владимир Путин къеркьолев вуго тІолабго дунялалда ракълие гІоло»**

- 2 гьум.



**«Бакълъулазул иццал»**

- 2 гьум.



**Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ лъолеб буго ФАП**

-2 гьум.



**«Инсан» фондалъ ресукъазе ханждал азарго хъап бикьана**

- 3 гьум.

ДУНЯЛАЛЪУЛ СИЯСАТ

# ХIажимурад МухIамадов: «Владимир Путин къеркьолев вуго тIолабго дунялалда ракълие гIоло»

**Россиялъул президент Владимир Путин вихьизавун вуго ракълил Нобелевскияб премиялъе. 2020 соналъул 9 сентябралда гьеб шапакъаталъе Путин вихьизавун заявка Ослоялде Нобелевскияб комитеталде битIана хъвадарухъан ва академик Сергей Комковас.**



Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас рахъккуна гьеб шапакъаталъе Владимир Путин вихьизавиялъул хIаракатчилъиялъул.

«ТIолабго дунялалда бихьулеб буго Владимир Владимирович Путиница дунялалдаго рекъел цIуниялъе, улкабазда гьоркьоб цоцазда ричIчIиналъул, цоцазул адаб гьабиялъул ахIвал-хIал букIинабиялъе гьабулеб бугеб хIалтIи.

Гьоркьоса къотIичIого цеве вахъунев вуго халкъазда гьоркьосеб терроризмалда ва экстремизмалда данде. Гьеб квешлъиялда дандечIеялъулъ лъикIал хIасилалги росун руго.

Владимир Владимирович Путиница кIудияб хIалтIи гьабулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвеялъе, кIиабилеб дунялалъул рагъул тарих кIочене биччангутIиялъе, фашизмалда тIад бергьенлъи босиялъулъ нилъер улкаялъул роль бичIчIинабиялъе. Владимир Путинил хIаракатчилъиялда COVID – 19 пандемиялъ зарал кьурал пачалихъазе гуманитарияб кумек гьабуна, хIадур вуго хIажатазе хадубккунги кумекалъул квер бегьизеги. Халкъазда гьоркьосеб аренаялда ЦIияб Россиялъул къадру буго. ООНалъул хIинкъигьечIолъи цIуниялъул кидагосеб член хIисабалда, гьанжесеб Россия цебебахъуна ракълие, щибаб улкаялъул, тIолабго инсаниялъул интересазе гIоло.

ТIолабго дунялалда рекъел цIуниялъе гIоло Россиялъул президент Владимир Путин Нобелевскияб премиялъе вихьизави рикIкIуна битIараб галилъун. Гьанжесеб Россиялъул цевехъанасда улка цебетIезабизе гьребги, дунялалъул политикаялде кIвар кьезе, дунял хIинкъи гьечIеблъун лъугьинабиялъулъ цо-цо лъикIал хIасилал росизе кIвана», - ян абулеб буго Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул хитIабалда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Школал къачIалел, паркал гIуцIулел, нухал цIигьарулел руго

### «Дир Дагъистан» проектал гIумруялде рахъинариялъул халгьабуна Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъиялда

**21 сентябрялда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана «Дир Дагъистан» проектазул комплекс гIумруялде бахъинабиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул вакилзабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез, специалистаз ва цогидазги. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.**



«Дир Дагъистан – дир нухал» проектальда рекъон Бакълъулазул районалда 2020 соналъ бетон тIураб кватI рагьана ЦIияб Аргъвани росулъ. КватIичIого хIалтIизаризе кьезе руге Игьали ва Ингишо росабалъ гьеб проектальда рекъон ремонт гьабурал нухал. Ремонт гьабун къачIалел руго ТIад Инхо росулъ Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб кватI ва ЧIиркъатIа росулъ кIиго кватIги.

«Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъул шартIал» проектальда рекъон МелъелтIа ва ЦIилик гьарулел руго берцин къачIарал паркал. Проектал гIумруялде рахъинаруралъухъ Бакълъулаз баркала загьир гьабулеб буго Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе. КватIал къачIаялъ рес кьезе буго нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи цIунизе. ЖамгIиял бакIал къачIаялъ чIахIиязеги гIисинazeги хIухьбахъи гьабизе санагIалъи букIина», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас жиндирго хъаравуллъиялда ккун буго федералиял ва республикаялъулал проектал гIумруялде рахъинариялъул суал.

Данделъиялъул ахиралда тIад къаял къуна программаби тIураялъул хIалтIи хехлъизабизе ккеялде ралагьарал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ИчичIалибе лъим бахъулеб буго

**Бакълъулазул районалъул ИчичIали росулъе Буцрахъ мегIералъул ахалъудасан лъим бачине рогIрал лъолел руго. Росдал гIадамаз бакIарараб сурсаталдалъун бачунеб буго лъим.**

ИчичIали росдал маданияб-гун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев МухIамад Ханахъаевас бицана халкъиял сурсатазда бахъулеб бугин лъим БуцIрахъан ИчичIалибе.

ГурхIел-рахIмуялъул акциязда хIаракатаб гIахьаллъи гьабула районалъул гIадамаз.



СахаватчагIаз ва росабазул гIадамаз гIагараб ракь цебетIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# «Бакълъулазул иццал»

### ГIертIал гьариялъул устарзабазул ИчичIали росулъ пресс-тур тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул гIертIал гьариялъул устарзабазул ИчичIали росулъ тIобитIана Бакълъулазул иццал» пресс-тур. Тадбиралда гIахьаллъана «Дагъистан»** цогидал тIагIелазде кин сверулебали баян гьабулеб материал хIадурана.

Пресс-туралда хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул



**РГВКялъул авар мацIалда передачаби хIадурулезул кьокъа, «Гумбет» медиагруппаялъул вакилзаби ва цогидалги.**

Пахъул ва резил гIертIал гьариялъул устар МухIамад Ханахъаевас рихьизаруна гьел гьарулеб къагIида.

«Дагъистан РГВКялъул авар мацIалъул вещаниялъул редактор, «ГIаданги, гIамалги, заманги» телепередачаби рачуней Хатимат МухIамадовалъ, «Гумбет» газеталъул фотокорреспондент Гебек Гебековас пахь берцинал гIертIазде ва таълул Гумбеталъул централъул хIалтIухъабаз, бетIералда гьеб учреждениялъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировгун.

«Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна федералиял, регионалиял телекомпаниязулгун ва цогидалги СМИязулгун цадахъ рекъон хIалтIи лъикI гIуцIун бугилан.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ лъолеб буго ФАП

**Бакълъулазул районалъул рорхатал мугIрузда бугеб Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ лъолеб буго дандбан хехго лъугIулеб ФАПалъул мина. Гьеб программа гIумруялде бахъинабулеб буго ДРялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ. Гьал кьояз гьеб объекталде щвана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев. Гьесда цадахъ рукIана районалъул администрациялъул экономикаялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ХIасан ГIалихIажиев, «Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялъул бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад МуртазагIалиев ва цогидалги.**

ФАП рекъезабизе бугеб байдан хIадурун буго. Гьеб бакI битIизабуна, бетон тIуна. КватIичIого объект хIалтIизабизе кьезе буго.

Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор, Гумбеталда ЕГЭ къабул гьабиялъул пунктальул нухмалъулев



ХIасан ГIалихIажиевас росдаде кIвар кьуралъухъ ва ФАПал лъеялъул программаялда гьоркьобе Гьарадирихъ росу бачаралъухъ, киналго гьарадерил рахъалдасан баркала загьир гьабуна Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе ва ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Жамалудин ХIажиибрагьимовасе.

**«Гумбет» РИО**

РАХIМУ-ЦIОБ, ГIАДАНЛЪИ-САХАВАЛЪИ

## «Инсан» фондалъ ресукъазе ханждал азарго хъап бикьана

### Гьединал тадбирал гьари гьоркьоб къотIизе толаро гьеб гIуцIиялъ

**Бакълъулазул районалда «Инсан» фондалъ ресукъал хъизабазе ханжу бикьизе** азарго хъап.

ГурхIел-рахIмуялъул акциялда гIахьаллъи гьабуна



**сурсатал ракIарана. «Инсан» фондалъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев Камил Якъубовас баркалаялъул рагIаби абуна гьеб пайдаяб, кири бугеб ишалъе гIарац кьуразул цIаралда.**

ТIоцебесеб хIажалъиялъул продуктаби къваригIарал гIадамазе щвезабуна ханждал районалъул имамзабазул Советалъул председатель Юнус НурмухIамадовас ва цогидазги.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна ресукъазе кумек гьабурал «Инсан» фондалъул вакилзабазе.

**«Гумбет» РИО**

## Рагъуй къали бухулел жалго рухизе руго

### Халкъазда гьоркьосеб ракълил къо кIодо гьабуна

**Бакълъулазул районалъул маданияв учреждениязда ва библиотекабазда гIуцIа-къан ана халкъазда гьоркьосеб ракълил къоялда хурхун тадбирал.**

Эргъвендерил культура – лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIухъаби Напилат Къадиевалъ, Багистан ГIумаровалъ, Муъминат Зайнудиновалъ тIобитIана «Ракълилаб зобалда гьоркь гIумру гьабизе кигIан лъикI бугеб» абураб темаялда информациялъулаб сагIат.

Мелъелдерица гIумру гьабулеб Нарыш хутаналда бугеб маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ПатIимат ТIалхIатовалъ гьебго росдал библиотекаялъул нухмалъулей Бика Жамалудиновалъгун цадахъ тIобитIана «Ниж – ракълие гIоло» абураб темаялда утренник.

**«Гумбет» РИО**

РОХЬИЛ КЪИСА

## Бакълъулазул районалда тIобитIана «Рохь цIа ккеялдаса цIуне» абураб акция

**Бакълъулазул росаби цолъана «Рохь цIа ккеялдаса цIуне» абураб акциялде.**

ЦIаналъ росдал мадани-




ябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев ГIалиасхIаб ПатахIов гIисинал лъималгун сапаралъ рохьове ана. Гьезда бицана тIабигIат цIунизе, рохьоб цIа ккеларедухъ цIодорго рукIине ккеялъул. ГIолеб гIелалда бичIчIизабуна рохьазул кинаб кIвар бугебали гIадамазеги рухIчIаголъабазеги.

**«Гумбет» РИО**

БРЕНДЫ СТРАНЫ ГОР

## Хаджимурад Магомедов: «Дербентский платан – достояние страны»



Платан, который украшает двор самой древней мечети России, расположенной в легендарном Дербенте, участвует в национальном конкурсе «Российское дерево года 2020». Конкурс проходит с 1 мая по 1 октября 2020 года.

Глава Гумбетовского района олимпийский чемпион Хаджиумарад Магомедов призвал земляков поддержать старания заявителей, проголосовать за дербентский платан.

«Платан, посаженный во дворе Джума-мечети Дербента, которому исполнилось 283 года, является достоянием России. Гигантское дерево, которое на протяжении трех столетий создает тень и комфорт для прихожан самой древней мечети страны, выделяет кислород и впитывает влагу, защищая стены дома Всевышнего от разрушения, является одним из символов Дагестана.

Уважаемые земляки, давайте поддержим голосованием уникальный памятник природы – дербентский платан!

Для этого нужно всего лишь зайти на сайт Всероссийской программы «Деревья –памятники живой природы» по ссылке: https://treeportal.ru/index.php?option=com_adsmanager&page=show_ad&adid=15 и проголосовать.

Под руководством мэра Хизри Магомедовича Абакарова в Дербенте проводится систематическая работа по всестороннему развитию города. Желаю успехов и процветания Дербенту!», – говорится в обращении главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова.

**РИО «Гумбет»**

## Мухтар АхIмадов: «ГIолилаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул гIумруялъулъ»



**«Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул председатель Мухтар АхIмадовас гIахьаллъи гьабуна ТIад Инхо росдал Собраниялъул депутатал рищиялъул компаниялда, жинцаго кандидатураги лъун. Гьев депутатлъунги вищана.**

«Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул председатель хIисабалда абила, нилъер районалъул гIолилаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго муниципалитеталъул гIумруялъулъ. Гьез жидерго къуват буссинабун буго гIагараб ракь, республика ва улка цебетIезабиялде. Депутатлъиялде кандидат хIисабалда дица рищиязда исана тIоцебесеб нухалда гIахьаллъи гьабуна. Дие гьаракь кьуразе, божилъи гьабуразе баркала загьир гьабула. Диде гьабураб божилъи ритIухъ гьабизе хIаракат бахъила.

ТIад Инхо росулъ гIумруялде рахъинарулел руго федералияв ва регионалияв программаби.

«Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон ремонт гьабулеб буго Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб къватIалъе. 2021 соналъ лъим бачине планалде босун буго. Гьел ва цогидал проектал гIумруялде рахъинарулел руго Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул хIаракатчилъиялда, гьезие баркалаги кьола нижер росдаде, гIолилазде кIвар кьуралъухъ», - ян абуна Мухтар АхIмадовас.

**«Гумбет» РИО**

## Пенсионнияб фондалъ ахIулел руго 1981 соналдаса цере гьарурал гражданал

**2001 соналъул 15 декабралда бахъараб №167-ФЗ федералияб законалда рекъон, Россиялъул гражданазда тIадаблъун гьабуна пенсиялъе страхование гьабизе.**

Гьеб законалъул къучIалда гражданинасе рагьана щивасул лицевияб счет ва гьеб счеталъул номерги тIад бугеб свидетельство-СНИЛС къуна щивасе (гIурчинаб карточка). Гьеб лицевияб счеталда бихьизабун буго 2002 соналъул 1 январалдаса жакъа къоялде щвезегIан щивав хIалтIараб бакI, стаж, харж, взносал, армиялъул стаж, лъималазул къадар.

Пенсия жидее чIезабурал гIадамазул киналго баянал росун руго . Амма 1981 соналдаса цере гьарурал, жидее пенсия чIезабун гьечIел гIадамазул лицевияб счеталде росун гьечIо 2002 соналда цересел соназул баянал.

**Лъазе ккола! Пенсия чIезабиялъе ихтияр щвезе ккани, жакъаго сведениял лъезе ккола лицевияб счеталда.**

Гьединлъидал байбихьун буго 1981 соналдаса цере гьарурал гIадамазухъа ракIаризе хадур рехсарал документал:

**Паспорт**
**ЗахIматалъул книжка**
**Рагъулаб билет**
**Киналго лъималазул свидетельстваби**
**СНИЛС**

Щивав гражданинасда лъазабулеб буго нуж рачIине ккола районалда бугеб пенсионнияб фондалъул отделалде тIадехун рехсарал документалгун.

Пенсия жидее чIезабурал гIадамал нижехъе рачIине кколаро.

**ПФРалъул Гумбет районалда бугеб отдел**

## До миллиона рублей можно получить за оказание помощи следствию в розыске особо опасных преступников

**Глава Дагестана Владимир Васильев в рамках совещания в режиме видеоконференции с участием руководителей районов и городов проинформировал, что за информацию, представляющую интерес, и оказание помощи следствию в розыске особо опасных преступников будут выплачены денежные средства в размере до 1 млн рублей.**

Как сообщает пресс-служба Администрации Главы и Правительства РД, из исправительной колонии, находящейся в поселке Шамхал в пригороде Махачкалы, сбежали шестеро заключённых. Глава республики сообщил о том, что в работе по розыску преступников необходимо содействие руководителей районов и городов. Так, за оказание помощи следствию в розыске этих преступников будет осуществлена выплата в размере до 1 млн рублей. Отмечается, что денежные средства уже выделены из бюджета региона.

При наличии информации необходимо звонить по номерам: 112 или 59-45-00. Также Владимир Васильев обратил внимание на возможность явки преступников с повинной. Он отметил, что закон предусматривает смягчение ответственности в такой ситуации.

# МухІамадов Рамазан МухІамадович

**2020 соналъул 15 сентябралъ абадияб рокъове ана лъикІав инсан, мугІалим, шагІир ва гІалимчи МухІамадов Рамазан МухІамадович. Рамазан гьавуна Бакълъулазул районалъул ЧІиркъатІа росулъ 1934 соналъ.**

Анкьго класс росулъ лъугІарав гьев ана цІализе Буйнакскалде Авар педучилищеялде. Гьеб лъугІаравго Советияб Армиялда хъулухъ гьабуна. Лъабго соналъ ВатІаналъе хъулухъги гьабун, цІализе лъугьана Киевалъул танковияб училищеялде. Офицер вахъун хадуб рагъулаб хъулухъалда вукІана Германиялда. 1957 соналъ рагъулаб хъулухъалдаса гІодов чІун, росулъ кІиго соналъ учительлъи гьабуна. 1959-1964 соназ цІалана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул историялъулгун филологияб факультеталда. Гьеб лъугІун хадув хІалтІана Дагъистаналъул телевидениялда ва хадусел соназ ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалъул завучлъун ва директорлъун. ГІолеб гІелалъе тарбия ва лъайкьеялъе гІумру кьурав гьев ахириял соназ вукІана хІалхьиялда.

Университеталда цІалулел соназ гьес гІемераб хІалтІи гьабуна ХъахІабросулъа



МахІмудил, Инхоса ГІали-хІажиясул шигІрияб ирс данде бакІаризе. Цере лъаларел рукІарал гІемерал асарал ралагьана гьес МахІмудил ва ГІали-хІажиязул. Гьезул творчество букІана Рамазанил кандидатлъиялъул диссертациялъул темаги. МухІамадов ккола ЧІиркъатІаса вахъарав тІоцевесев гІалимчи. ГІумруялъул ахирисел къоязде щвезегІан гьоркьоб къотІизе течІо гьес гІелмиял цІехрехал. Ахирияв соназ Рамазан хІалтІулев вукІана Дагъистаналъул мацІазул аслу, гьел лъугьараб куц, мугІрузул улкаялда гІемерал мацІал кин рижарал, дунялалъулго мацІазул кинаб хурхен бугеб абурал суалазда тІад. Гьес нахъе тана бечедаб гІелмияб ирс, къватІибе бачІана гьесул анцІгоялде гІагарун кучІдузулниги гІелмиял асаразулниги тІехь. Гьесул асаразул тІахьал къватІире риччана Дагъистаналъул ва Москвалъул издательствабаз.

РакІбацІцІадав, ритІухъав, лъиего къуркьуларев чи вукІиналъ росдал жамагІаталъ хІабургъарал 90-абилел соназ гьев вищана росдал бегавуллъун. Колхозал рихххулаго гІаммаб магІишат бикъа-хъамизе течІого ритІухъаб куцалда халкъалъухъе щвеялъе жигараб хІалтІи гьабуна Рамазаница. ЖамагІаталъ жинда цебе лъураб масъала тІубарабго, хІакимлъи кваригІаразухъе бегавуллъи кьун, Рамазан школалде тІадвуссана.

Рамазан камуна росдае гуревги районалъе ва республикаялъе. Росдал ва районалъул тарихалда кІудияб лъалкІ тарав гьудул ва гьалмагъ нижеда кІоченаро. Гьесул мунагьал чураги ва алжан насибазда гьорлъ ватаги! Амин, я Аллагь!

**Районалъул лъайкьеялъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул, «Гумбет» газеталъул хІалтІухъабазул коллектив**

# МухІамаднабиева ПатІимат МухІамадовна

**ПатІимат МухІамаднабиева гьаюна 1949 соналъул 3 декабралда Хунзахъ районалъул Гьарадирихъ росулъ. 8 класс лъугІизегІан Гьарадирихъ микьгосонил школалда, хадуй кІиго соналъ 10 класс лъугІизегІан Хунзахъ районалъул ГІарани ясазул школа-интернаталда цІалана.**

1966 соналъ ГІарани школа лъугІун хадуй Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул къватІисел улкабазул мацІазул факультеталде лъугьана, 1971 соналъ гьебги лъугІун филология, немец мацІ ва литература кьезе махщел щвана.

ГІагараб росулъ мугІалимлъун хІалтІизе ячІана. ГІуцІарухъанлъиялъул хІалтІуе хІалбихьи букІиналъ ПатІимат тІамуна школалъул директорасул цІалулгун тарбия кьеялъул рахъалъ заместительлъун. 16 соналъ махщалида бачана гьеб хІалтІи. 1991 – 2013 соназ Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъе нухмалъи гьабуна. 2013 соналдаса гІумруялъул ахирисел къоязде щвезегІан мугІалимлъун хІалтІана.



ПатІимат МухІамаднабиевалъе щвана «ЗахІматалъул тІокІлъиялъе гІоло» медаль.

**ГІолеб гІелалъе тарбия – лъайкьеялда цебехъанлъи бихьизабурай ПатІимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул, «Гумбет» газеталъул хІалтІухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул гІагарлъиялда. Алжан насиб гьабеги гьелъие.**

# Рамазан МухІамадовасде

Дир хІинкъун холаго хъварал рагІаби
Газеталда лъуна дуца тІоцере,
Рамазан, загІипаб тІеренаб гьаракь
КъватІибе битІана боржаян дуца.
Мун къвакІарав инсан къечІо унтукьа
Гьарзаго риччана тІахьал къватІире,
МагІарул мацІалда, гІурус мацІалда
ЦІале, гьале гьунар магІаруласул.
ТІолго шапакъатал гьел дуе щвана,
Нижер разилъиги рохелги щвана,
Амма нилъер аниб гьечІо доб гІадат
ШагІир чІаго кІодо гьавизе лъалеб.
Мун рекІелъ хутІила ниж киназдаго
Дур тІахьал цІаларал, мун кІалъаразда,
Дуйги нух битІаги тІадаб фарзалде
Жакъа дур буго къо, метер нижерги.

**ПатІимат АхІмадибирова, МелъелтІа росу**

## ПатІимат МухІамаднабиевалде

РетІараб рекъолеб къамартІаб лага
Ракьалда мун лъезе ниж рази гьечІо.
Рорхатал мугІрузда хинаб бакъул чІор,
Дур хинлъи камуни кинан рукІунел?
Дур тамахаб гьаракь, хинал рагІаби
Дур цІалдохъабазе камуна гьанже,
Дур гьалмагъзабазе камуна гьалмагъ
ЦІакъ ригьда ана мун абадиялъуй.
Дур гъуърулъ речІчІараб гьалагаб вирус,
Гьаваялде айги нахъ буссинарин.
Нижее хирияй дуй алжан кьеги,
Абадиялъуй мун йохун ятаги.

**ПатІимат АхІмадибирова**

# МухІамадов Башир Ибрагьимович

**«Гумбет» СМИялъул хІалтІухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ЧІарада районалъул газеталъул бетІерай редактор Аминат МухІамадовалда вац Башир Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

Башир МухІамадов гьавуна 1958 соналъ ЧІарада районалъул ЦІуриб росулъ. ЦІалана Дагъистаналъул политехническияб институталда, цІунана экономикиял гІелмабазул кандидатлъиялъул цІаралъе диссертация. ХІалтІана ралел бакІазул мастерлъун, «АНБМ»



абураб гІелмиябгун производствоялъул предприятиялъул нухмалъулевлъун. Вищана ДРялъул халкъияб Собраниялъул депутатлъун.

Башир хІалтІана тІабигІиял сурсатазулгун сверухълъи цІуниялъул министрлъунги, предпринимателазул ихтиярал цІунулев вакиллъунги, предпринимательствоялъулгун инвестициязул агентствоялъул нухмалъулевлъунги.

Бакълъулазул районалъул хІурматияв гражданинги кколаан Башир МухІамадов.

Аллагьас алжан насиб гьабеги гьесие.

## ЗИГАРА

**Районалъул поликлиникаялъул кІудияй медсестра ПатІимат АхІмадибировалъ, гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Гьарадирихъа ПатІимат МухІамаднабиева Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, вацасда, яцазда.**

**Ахират лъикІаб кьеги хваралъе.**

## Участковая избирательная комиссия с полномочиями избирательной комиссии муниципального образования «Село Ингиши» № 0316

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 20

**22. 09.2020 г.** **с. Ингиши**

**В связи с непредставлением копии приказа об освобождении от должности несовместимой со статусом депутата муниципального образования, в соответствии с Законом РД «О муниципальных выборах в РД», ИКМО “Село Ингиши”, Гумбетовского района, Республики Дагестан постановила:**

Признать утратившим силу постановление № 19 от 14.09.2020 года в части признания избранным депутатом Собрания депутатов муниципального образования «Село Ингиши» Бибулатова Камалудина Юсуповича, в остальной части постановление № 19 от 14.09.2020 года остается в силе.

| | |
|---|---|
| **Председатель участковой избирательной комиссии** | Магомедов А.Б. |
| Заместитель председателя комиссии | Сайгидамиров М.Ю. |
| Секретарь комиссии | Сайпулаев М.С. |
| Члены комиссии: | Ахмедова П.С. |
| | Бибулатов Ч.А. |

БетІерав редактор ХІамзат МухІамадович ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХІадисова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.